

Kisa pou w fè pou Kantite Plakèt Ki Ba

Yon plakèt se yon tip selil san ki ede san ou kowagile epi sispann senyen lè ou blese. Si ou gen kantite plakèt ki ba, sa rele **twonbositopeni**. Kondisyon sa a ka lakòz ou blese oswa senyen fasil. Ou ka gen doulè nan jwenti oswa nan misk tou.



Ki sa ki lakòz kantite plakèt ki ba?

Anpil bagay ka lakòz kantite plakèt ki ba. Sa yo enkli:

- Tretman kansè, tankou chimyoterapi oswa terapi radyasyon
- Kèk kansè, tankou lesemi ak lenfom
- Maladi ki afekte mwèl zo a
- Pwoblèm sante tankou lupus, sirwoz, oswa epatit
- Enfeksyon, tankou viris Epstein-Barr ak VIH
- Medikaman, tankou medikaman anti enflamatwa ki pa esteroyid (NSAIDs), aspirin, ak kèk antibyotik



Ki siy ak sentòm pou kantite plakèt ki ba?

Kèk siy ak sentòm komen kantite plakèt ki ba se:

- Senyen san okenn rezon
- Plizyè oswa ematom ki vin pi mal
- Ti pwen wouj oswa vyolèt sou po w (petechi)
- Senyen règ pi mal pase ke yon peryòd règ nòmal



Kijan yo trete kantite plakèt ki ba?

Trete kantite plakèt ki ba depann de kòz la. Tretman an ka gen ladan:

- Yon transfizyon plakèt
- Yon chanjman oswa yon poz sou yon tretman si li se kòz la
- Tretman yon pwoblèm sante si se kòz la
- Kèk medikaman oswa pwosedi pou sispann senyen



Kisa w ka fè pou ede w jere kantite plakèt ki ba?

Si kantite plakèt ou ba, ou ka ede nan evite pwoblèm senyen.

- Evite fè bagay ki ka lakòz yon aksidan, glise, oswa tonbe.
- Sèvi ak yon bwòs dan mou. Mande ekip swen kansè w si li OK pou pase fil dantè.
- Sèvi ak yon razwa elektrik (non pa yon lam razwa).
- Toujou mete soulye lè w deyò.
- Fè atansyon ak objè byen file tankou kouto.
- Itilize yon laksatif pou ede anpeche konstipasyon ak emoroid.
- Pa mete anyen nan rektòm ou (tankou lavman oswa tèmomèt).
- Pa mouche nen w oswa touse ak fòs.
- Evite medikaman anti kowagilan sof si ekip swen kansè w di w dwe pran yo. Sa gen ladan aspirin ak anti enflamatwa ki pa stewoyid (NSAIDs).
- Enfòm ekip swen kansè w sou tout medikaman ak preskripsyon oswa san preskripsyon w ap pran. Epitou, enfòm yo sou nenpòt siplaman, vitamin, oswa remèd fèy w ap itilize. Sa yo ka afekte san an.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Pale ak ekip swen kansè w si ou:

- Ap senyen nan nen w oswa jansiv ou, oswa gen san nan pou pou w oswa pipi w
- Ap vomi koulè mawon fonsè oswa wouj vif
- Ap pou pou koulè wouj oswa nwa
- Gen vètij, toudisman, oswa pèt ekilib



Lè pou rele 911 oswa ale nan Ijans

Rele 911 oswa ale nan ijans si ou:

- Gen gwo tèt fè mal oswa vizyon twoub
- Ap senyen san kanpe
- Gen nouvo oswa konfizyon ki vin pi mal
- Tonbe oswa frape tèt ou pandan ke plakèt ou yo ba



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.